

Gid Etid Egzamen pou Chofè TAKSI



Sèvis Kliyan

- Fason yo konprann chofè taksi se premye enpresyon vizitè yo genyen lè yo ap vizite Konte Miami-Dade.
- Kijan ou kapab bay bon sèvis kliyan?
- Kisa konpetans sèvis kliyan ki enpòtan yo ye?
- Kisa ki se twa (3) konpetans debaz relasyon nan sèvis kliyan yo?
- Ki kèk teknik ki genyen nan bay yon bon premye enpresyon?
- Ki kèk kalite moun ap chache lakay yon chofè pwofesyonèl?
 - Kalite konpòtman, kalite fizik, ak kalite veyikil la.
- Konprann enpòtans lè moun gen yon konpòtman ki pwofesyonèl.
- Ki fason ou kapab jwenn tep?
- Kisa pèsèpsyon sou valè a ye?
 - Konbyen fwa yon kliyan ki pa satisfè tounen?
 - Kisa piblisite negatif vle di?
- Ki plent kliyan yo pote pi souvan?
- Fè fas a sitiyasyon difisil.
- Tanpri li egzèsis ak senaryo ki nan seksyon sa a.

Lwa pou Ameriken ki Gen Andikap (ADA)

- Kisa ADA a ye?
- Kisa animal sèvis ye?
- Kijan ADA defini diskriminasyon?
- Kisa ki ap pase si ou vyole dwa ADA kliyan w lan?
- Ki kèk direktiv ki genyen pou ede kliyan ki gen andikap?

Kòd Règleman ak Regilasyon yo

- Konprann ke biwo fòsdelòd yo kapab kanpe yon veyikil ki ap fè taksi nenpòt ki lè menm si li gen pasajè.
- Lisans Anrejistreman Chofè
 - Ki lè Lisans C.R. an espire?
 - Konbyen jou avan dat li espire a ou kapab al renouvle l'?
 - Revize enfòmasyon enpòtan ki nan C.R. la.
- Revize pati ki sou egzijans/vyolasyon chofè taksi a.
- Revize Transpò Piblik Chapit 8CC-Taks pou Kontravansyon: (Chapit 31-Obligasyon Chofè)
 - Egzanp: Referans Nimewo 875 Lè ou pa jwenn nimewo anrejistreman chofè a: \$1000 amand
 - Egzanp: Si ou ap fimen etan ou ap pote pasaje sa ka lakoz yon sitasyon
- Vyolasyon Pwogram Anbasadè pou Chofè Taksi
 - Konbyen sitasyon 8CC ki ap fè yo mete ou deyò nan Pwogram Anbasadè pou Chofè Taksi a?
 - Konbyen tan yo ap fè ou fè deyò pwogram nan?
- Sitasyon 8CC - Vyolasyon ki Gen Rapò ak Chofè
 - Konprann lè ou siyen yon sitasyon sa pa vle di ou dakò ou an tòn men ou rekonèt ou resevwa li.
 - Si ou resevwa yon sitasyon, nan konbyem tan ou dwe peye l' oswa fè apèl?

Kòd Règleman ak Regilasyon yo (suit)

- Anilasyon lisans C.R.
 - Nan ki sikonstans PTRD kapab anile lisans C.R. ou?
- Ayewopò Entènasyonal Miami
 - Ki règ angajman ki genyen lè ou ap fonksyone nan Ayewopò Entènasyonal Miami (Miami International Airport, MIA)?
 - Antre nan MIA.
 - Konprann kisa limyè endikatè estasyonman taksi yo vle di.
 - Pri selon Kontè: Pri 1 ak 2
 - Sèvis Taksi ki nan Zòn Ayewopò (Airport Region Taxicab Service, ARTS)
 - Kiyès 8CC ap fè yo mete chofè ARTS deyò nan pwogram nan?
- Estanda ak Enspeksyon Veyikil
 - Ki de (2) otokola ou dwe mete nan vit devan veyikil la?
- Kisa ki ap pase si veyijil la gen yon ti pwoblèm ki pa gen rapò ak sekirite oswa si l gen yon gwo pwoblèm ki gen rapò ak sekirite?
- Revize lis verifikasyon taksi a ak lòt konsèy ki ka itil ou.
- Revize lis sou Vyolasyon Estanda nan Domèn Transpò Piblik la (FER)
 - Egzanp: Kawotchou yon veyil ki chire va lakoz yon otokola sispansyon/rejè wouj.
 - Egzanp: Kapo wou oswa kouvèti wou ki manke ka lakoz yon otokolan tanporè defisyans/vèt
- Konprann yon ajan fòsdelòd gen otorizasyon pou li enspekte taksi a andedan kou deyò.

Jewografi

- Kòman yo divize Konte Miami Dade?
- Kisa ki se kat (4) kadran yo?
- Revize Avenues ak Streets
 - Non ak nimewo
 - Egzanp: Yo rele 42nd _____ tou.
 - Egzanp: Yo rele Ives Dairy Road _____ tou.
- Ki aranjman ki fèt pou Coral Gables?
- Konprann kisa sig STL & CRAP vle di.
- Revize fason ou ka ekri yon adrès.
- Causeway
 - Konbyen Causeway ki genyen epi ki kote Causeway ap mennen ou?
 - Non ak nimewo
 - Egzanp: Yo rele McArthur Causeway _____ tou.
- Expressway
 - Non, nimewo, ak direksyon yo fè.
 - Egzanp: Yo rele Florida Turnpike SR-821 tou, li kouri nan direksyon Nò/Sid epi li kontinye nan ekstansyon Lè/Lwès.
 - Egzanp: Yo rele Dolphin expressway _____ tou epi li kouri nan direksyon _____.